# Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmetler tarawınıń tiykarǵı kórsetkishleri

*2026-jıl yanvar-may*

I. Xızmetler tarawınıń tiykarǵı kórsetkishleri dinamikası
II. Xızmetler tarawın aymaqlar kesiminde rawajlanıwı
III. Ekonomikalıq iskerlik túrleri boyınsha xızmetler tarawı rawajlanıwınıń tiykarǵı kórsetkishleri
IV. Xızmetler tarawınıń statistikalıq kórsetkishleri boyınsha túsindiriwler
V. Paydalı siltemeler

## I. Xızmetler tarawınıń tiykarǵı kórsetkishleri dinamikası

2026-jıl yanvar-may aylarında dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha, rásmiy bolmaǵan hám jasırın ekonomikanı bahalaw boyınsha ótkerilgen statistikalıq baqlawlar nátiyjelerin esapqa alǵan jaǵdayda, bazar xızmetleriniń kólemi 16 844,2 mlrd somdı quradı. 2025-jıldiń usı dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 116,9 % dı quraǵan bolsa, xizmetler muǵdarı 3 113,1 mlrd somǵa ósiwi gúzetildi.

*Maǵlıwmat ushın: 2025-jıl yanvar-may aylarında xızmetler kólemi 13 731,1 mlrd somdı, ósiw páti 110,0 % dı quraǵan.*

Kórsetilgen bazar xızmetleriniń ósiw páti dinamikası




2025-jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda (**6 756,1** mıń som), 2026-jıldıń usı dáwirinde xalıq jan basına kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi **1 438,6** mıń somǵa yamasa **15,5** % ke ósip, **8 194,7** mıń somdı quraǵan.

*2025-jıl yanvar-may aylarınıń kólemi hám 2026-jıl yanvar-may ayları ushın maǵlıwmatlar rásmiy emes hám jasırın ekonomikanı bahalaw boyınsha ótkerilgen statistikalıq gúzetiwler nátiyjelerin esapqa alǵan halda qáliplestirilgen.*

2026-jıldıń yanvar-may aylarında kishi isbilermenlik subektleri tárepinen kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi 11 892,1 mlrd somdı qurap, jami bazar xızmetleri ulıwma kóleminiń 70,6 % bolsa, sonnan kishi kárxanalar hám mikrofirmalar úlesi 47,6 % ti quradı.

## II. Xızmetler tarawınıń qala hám rayonlar kesiminde rawajlanıwı

Xızmetler tarawınıń qala hám rayonlar kesimindegi tiykarǵı kórsetkishleri
*(2026-jıl yanvar-may ayları)*

| | Kólemi, mlrd som | úlesi, % | ósim páti, % |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası.** [1)] | **16 844,2** | **100,0** | **116,9** |
| Nókis qalası | 4 255,1 | 25,3 | 124,1 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya rayonı | 478,2 | 2,8 | 115,5 |
| Beruniy rayonı | 485,5 | 2,9 | 116,3 |
| Bozataw rayonı | 65,4 | 0,4 | 118,9 |
| Qaraózek rayonı | 168,7 | 1,0 | 121,0 |
| Kegeyli rayonı | 190,6 | 1,1 | 122,6 |
| Qońırat rayonı | 1 130,6 | 6,7 | 147,0 |
| Qanlıkól rayonı | 159,4 | 0,9 | 123,6 |
| Moynaq rayonı | 223,4 | 1,3 | 116,4 |
| Nókis rayonı | 212,6 | 1,3 | 121,8 |
| Taqıyatas rayonı | 225,5 | 1,3 | 125,9 |
| Taxtakópir rayonı | 141,3 | 0,8 | 117,4 |
| Tórtkúl rayonı | 692,6 | 4,1 | 119,1 |
| Xojeli rayonı | 448,6 | 2,7 | 115,2 |
| Shımbay rayonı | 287,6 | 1,7 | 117,0 |
| Shomanay rayonı | 139,3 | 0,8 | 118,1 |
| Ellikqala rayonı | 387,8 | 2,3 | 116,8 |

**Tema boyınsha kórsetkishler:**
Kórsetilgen bazar xızmetleriniń qala hám rayonlar kesimindegi kólemi

Nókis qalası Qaraqalpaqstannıń eń úlken qalası bolıp, onıń xalqınıń 25,3 % jasaydı. Bul kórsetkish onıń paytaxt statusın túsindiredi. Paytaxtda mámleket keńseleri, xalıq aralıq shólkemler, bankler hám iri kompaniyalar jıynalǵan bolıp, óz-ózinen, xalıq tıǵızlıǵı transport, sawda, bilim, den sawlıqtı saqlaw, demalıw orınlarına bolǵan talaptı asıradı. Nókis rawajlanǵan transport sisteması, sawda hám biznes orayları hám de basqa iri obektlerge iye qala, bul bolsa xızmetler salasınıń barǵan sayın rawajlanıwına óz úlesin qosadı.

1) aymaqlar boyınsha bólistirilmegen kólemlerdi esapqa alǵan halda

## III. Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha xızmetler tarawı rawajlanıwınıń tiykarǵı kórsetkishleri

Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń 2025-jıl 27-fevraldaǵı “Xızmetler tarawın turaqlı rawajlanıwı ushın qolay shárt-sharayatlar jaratılıwına tiyisli qosımsha ilajlar tuwrısında”ǵı PQ-78-sanlı qararına muwapıq mámleketimiz ekonomikasında xızmetler tarawı úlesin asırıw, soniń menen birge, tarawda jumıs islep atırǵan isbilermenlik subektlerin jáne de qollap-quwatlaw maqsetinde xızmetler salasın rawajlandırıw hám de oniń monitoringin júrgiziw boyınsha maqsetli parametrleri belgilengen.

Kórsetilgen bazar xızmetlerin ulıwma kóleminiń ósiwinde transport xızmetleri 47,2 % ǵa (ósiwine úlesi 6,2 bánt), jasaw hám awqatlanıw xızmetleri 10,2 % ǵa (ósiwine úlesi 2,9 bánt), sawda xızmetleri 11,0 % ǵa (ósiwine qosqan úlesi 2,9 bánt), finanslıq xızmetler 22,2 % ǵa (ósiwine úlesi 2,6 bánt), bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler 10,5 % ǵa (ósiwine úlesi 0,4 bánt) hám baylanıs hám málimleme xızmetleri 11,2 % ke (kórsetilgen xızmetler ulıwma kóleminiń ósiwine úlesi 0,4) bantti quradı hám tiykarǵı faktorı bolıp esaplanadı.

Xızmetler tarawınıń tiykarǵı túrleri boyınsha kórsetkishleri
*(2026-jıl yanvar-may ayları)*

| | Kólemi, mlrd som | | ósim páti, % |
|---|---|---|---|
| | 2025-j. | 2026-j. | |
| **Xızmetler – jámi** | **13731,1** | **16844,2** | **116,9** |
| sonnan: | | | |
| Baylanıs hám málimleme xızmetleri | 515,3 | 618,1 | 111,2 |
| Finanslıq xızmetleri | 1629,4 | 2051,7 | 122,2 |
| Transport xızmetleri | 1783,4 | 2681,2 | 147,2 |
| sonnan: avtotransport xızmetleri | 1117,6 | 1409,2 | 109,8 |
| Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 3898,6 | 4590,5 | 110,2 |
| Sawda xızmetleri | 3588,8 | 4150,0 | 111,0 |
| Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 221,1 | 250,5 | 111,3 |
| Bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler | 477,8 | 533,2 | 110,5 |
| Densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler | 132,6 | 158,6 | 113,3 |
| Ijara xızmetleri | 190,4 | 259,4 | 127,2 |
| Kompyuterlerdi ońlaw boyınsha xızmetler | 319,1 | 377,1 | 113,6 |
| Jeke xızmetler | 359,4 | 441,2 | 111,3 |
| Arxitektura tarawındaǵı xızmetler | 93,9 | 120,9 | 113,4 |
| Basqa xızmetler | 521,1 | 611,7 | 103,3 |

**Xızmetler boyınsha kórsetkishler:**
Kórsetilgen bazar xızmetleriniń tiykarǵı túrleri boyınsha kólemi

2026-jıl yanvar-may aylarında ekonomikalıq jumıs túrleri boyınsha kórsetilgen bazar xızmetleri quramında jasaw hám awqatlanıw xızmetleri 27,3 % dı, sawda xızmetleri 24,6 % dı, transport xızmetleri 15,9 % dı, finanslıq xızmetler 12,2 % dı, baylanıs hám málimleme xızmetleri 3,7 % dı, bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler bolsa 3,2 payız úlesti quradı.

(***Salıstırıw ushın:*** *2025-jıldıń analiz qılınıp atırǵan dáwirinde xızmetlerdiń ulıwma kóleminde jasaw hám awqatlanıw xızmetleri* ***28,4*** *%, sawda xızmetleri* ***26,1*** *%, transport xızmetleri* ***13,0*** *%, finanslıq xızmetler* ***11,9*** *%, baylanıs hám málimleme xızmetleri* ***3,8*** *%, bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler bolsa* ***3,5*** *% úlesti quradı.)*

Kórsetilgen bazar xızmetleri kóleminiń tiykarǵı túrleri boyınsha quramı
*(2026-jıl yanvar-may, %)*




**Baylanıs hám málimleme xızmetleri** kóleminiń ósiwine **telekommunikatsiya xızmetleriniń** ósiwi tásir kórsetdi. 2026-jıldıń analiz qılınıp atırǵan dáwirinde bul túrdegi xızmetlerdiń baylanıs hám málimleme xızmetleriniń ulıwma kólemindegi úlesi **68,9** % ti quradı. *(Maǵlıwmat ushın: 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda* **4,3** % ke *ósiwi gúzetilgen.)*

2026-jıldıń yanvar-may aylarında **sawda xızmetleri** quramındaǵı usaqlap satıwda sawdanıń ósiwi baqlandı. 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda bazar xızmetleri kólemi **350,3** mlrd somǵa, yaǵnıy **16,1** % ke ósiwi gúzetildi.

Sawda xızmetleriniń ósiw páti dinamikası




2026-jıldıń analiz qılınıp atırǵan dáwirinde **kompyuterler hám xojalıq tovarlardı remontlaw boyınsha xızmetler salasında basqa jeke paydalanıw buyımları hám turmıslıq tovarlardı ońlaw boyınsha 113,8 %, turmıslıq priborlar, úy hám baǵ inventarların ońlaw boyınsha xızmetler 113,6 % ke ósip** joqarı ósim páti baqlandı. Mebeller hám úy-buyımları inventarların remontlaw boyınsha xizmetler jámi kompyuterler hám xojalıq tovarlardı remontlaw xızmetleriniń **30,3** % in quraydı.

Xojalıq elektronika (radiopriyomniklar hám televizorlar), úy hám baǵ ushın úskeneler (gazon orıwshı hám hawa (dem) beretuǵın mashina), ayaq kiyim hám teri buyımlar, mebel hám úy-úskene, kiyim hám aksessuarlar, sport úskeneleri, muzıka ásbapları hám basqada xojalıq tovarlardı remontlaw xızmetleri sol tarawdı rawajlandırıwǵa xizmet etip atır.

Qaraqalpaqstan respublikasında **jasaw hám awqatlanıw xızmetleriniń** rawajlanıwı sezilerli ósiwdi kórsetip atır, bul sayaxatshılar aǵımınıń kóbeyiwi, isbilermenlik baylanıslarınıń keńeyiwi hám mámlekette infratuzilmeniń jaqsılanıwı menen keskin baylanıslı. Bul xızmetlerdiń ósiwine **azıq-awqat hám ishimlikler menen támiyinlew boyınsha xızmetler** kóleminiń ósiwi tásir kórsetdi, jasaw hám awqatlanıw xızmetleriniń ulıwma kólemindegi úlesi **98,7** % in quradı. 2026-jıldıń yanvar-may aylarında azıq-awqat hám ishimlikler menen támiyinlew boyınsha xızmetlerdiń ósiw páti **110,1** % ti quradı.

## IV. Xızmetler tarawınıń statistikalıq kórsetkishleri boyınsha túsindiriwler

**Xızmetlerdiń hár aylıq kólemi tómendegiler tiykarında qáliplestiredi:**

a) kommerciyalıq shólkem bolǵan yuridikalıq shaxslar (kishi kárxanalar, mikrofirma hám awıl xojalıǵı islep shıgarıwshılarınan tısqarı), kommerciyalıq shólkem bolǵan yuridikalıq shaxslardıń bólek bólinmeleri hám kommerciyalıq bolmaǵan shólkemler boyınsha statistikalıq esabatlar tapsırıwı (dizim boyınsha);

b) kishi isbilermenlik subektleri tárepinen kórsetilgen xızmetler kólemin shereklik gúzetiw maǵlıwmatları hám de kishi kárxanalar hám mikrofirmalar ushın birden-bir jıllıq esabat nátiyjeleri boyınsha bahalaw ;

d) fermer xojalıqları hám kommerciyalıq bolmaǵan shólkemler tárepinen kórsetilgen xızmetler kólemin tiyisli statistika esabatları maǵlıwmatlarına tiykarlanıp bahalaw ;

e) jeke tártipdegi isbilermenler hám ózin ózi bánt etken shaxslar tárepinen kórsetilgen xızmetler kólemin hár sherekte ótkeriletuǵın tańlanba gúzetiw maǵlıwmatlarınıń nátiyjeleri boyınsha bahalaw.

**Kórsetilgen bazar xızmetlerin kólemi bul** - xizmet kórsetiwge qánigelesken hám xizmet kórsetiw tiykarǵı jumıs túrleri esaplanbaytuǵın barlıq xızmetler kórsetiwshiler (yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar) tárepinen qarıydarlarǵa (yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar, norezidentlerdi qosqan halda) málim bir waqıt dawamında kórsetilgen xızmetler ma`nisi bolıp tabıladı.

Ekonomikalıq iskerlik túrleri boyınsha **kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi**nde kórsetilgen xızmetler ushın ámeldegi bazar bahaları boyınsha **esaplanǵan tólewler qosılǵan baha salıǵı hám aksizsiz** esapqa alınadı.

Xızmetler aldı-satdı obyekti bolıp, ekonomikalıq áhmiyetke iye (xızmetlerdi óndiriwshiniń sarp etiw-ǵárejetlerin tolıqlıǵınsha yamasa sezilerli dárejede qaplaytuǵın) bahalarda satılǵanda **bazar xızmetlerin islep shıǵarılıwı** esaplanadı.

**Rezident emeslerge kórsetilgen xızmetler** (eger tólew somda ámelge asırılmaǵan bolsa), xızmetlerge tólewlerdi ámelge asırıw sánesinde Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki tárepinen somdı belgilengen kursı boyınsha qayta esaplanǵan shártnama bahaları boyınsha anıqlanadı.

Iskerlik túrleri boyınsha **xızmetlerdi klassifikaciyalaw**, Ózbekstan Respublikası Ekonomikalıq iskerlik túrleri boyınsha ónimler (tovarlar, jumıslar, xızmetler) dıń statistikalıq klassifikaciyalawına muwapıq ámelge asırıladı.

**Kórsetilgen bazar xızmetlerin kólemi** MST boyınsha klassifikaciyalanǵan barlıq ekonomikalıq iskerlik túrleriniń xızmetlerge tiyisli bólegi (G-S seksiyalar) boyınsha qáliplestiriledi.

## V.Paydalı siltemeler

Kórsetilgen bazar xızmetleriniń statistikalıq esabı boyınsha stilistik qaǵıyda.

Ózbekstan Respublikası ekonomikalıq jumıslar túrleri boyınsha ónimlerdiń (tovarlar, jumıslar, xızmetlerdiń) statistikalıq klassifikaciyalawı (MST).

Ózbekstan Respublikası Ekonomikalıq jumıs túrleri boyınsha ónimlerdiń (tovarlar, jumıslar, xızmetlerdiń) statistikalıq klassifikaciyalawınıń G, H, I, J, K, L, M, N, O, P, Q, R hám S seksiyaları kodlarınıń tolıq (keńeytirilgen) dizimi.

**Shıǵarıw ushın juwapker:**
Xızmetler hám sawda statistikası bólimi

**Mánzil:** 230103, Nókis, A. Dosnazarov ko'shesi, 97 a-úy
**Pochta**: info@qrstat. uz
Tel.: +998 (61) 222-22-45